

Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) angaje \$3.2 Bilyon Dola Anplis nan Pwojè Sèvis Piblik, Kouch Asfalt ak Edikasyon nan Zile Vyèj Ameriken yo

Release Date: Oktòb 7, 2024

ST. CROIX, Zile Vyèj Ameriken yo – Dènyè angajman \$3.2 bilyon dola pou pwojè rekonstriksyon sistèm distribisyon dlo potab la ak kouch asfalt nan St. Croix ansanm ak ranplasman enfrastrikti kontaj sèvis piblik yo nan Zile Vyèj Ameriken yo, mete aksan sou patenarya kontinyèl FEMA avèk Gouvènman Zile Vyèj yo pou ranfòse enfrastrikti enpòtan ki te domaje pandan siklòn Irma ak Maria nan mwa Septanm 2017 la.

Pwojè ranplasman sistèm distribisyon dlo potab nan tout zile St. Croix a avèk yon angajman FEMA \$1.25 bilyon dola bay Teritwa a lajan ki nesesè pou ranplase estasyon ponpaj, rezèvwa dlo, tiyo ak bòn dife nan Christiansted ak Frederiksted. Ranplasman pridan sistèm distribisyon dlo potab St. Croix a ouvri wout pou transfòmasyon sèvis esansyèl sa a pou satisfè estanda endistri yo.

Anplis pwojè ranplasman sistèm distribisyon dlo potab St. Croix a, patenarya FEMA avèk Zile Vyèj Ameriken yo (United States Virgin Islands, USVI) te lakòz yon angajman \$2.5 milyon dola pou ranplase griy antre ak griy lè pou Sektè Distribisyon Dlo Potab Richmond East la. Yo pral konstwi sistèm griy lè totalman otomatize a pou amelyore kalite dlo desale ki soti nan izin desalman Estate Richmond an epi pou pran patikil etranje tankou sagas.

Pwojè Kouch Asfalt Inifye nan tout St. Croix a avèk yon angajman FEMA \$1.75 bilyon dola konsolide finansman Asistans Piblik pou pèmèt Teritwa a repare plis pase 481 kilomèt wout zile a, ki gen ladan twotwa, kanivo, ak ranp ki konfòm ak Lwa sou Ameriken andikape (Americans with Disabilities Act, ADA) yo, lè kòd la mande sa. Pwojè kouch asfalt la pral kòmanse aprè yo fin ranplasman dlo potab,



FEMA

Page 1 of 3

dlo ize ak sistèm fil elektrik anba tè St. Croix yo.

Lòt pwojè yo te angaje pou sipòte transfòmasyon enfrastrikti sèvis publik Zile Vyèj Ameriken yo gen ladan ranplasman sistèm kontaj elektrik atravè Teritwa a ak enstalasyon poto elektrik konpoze anplis nan St. Thomas. FEMA te angaje \$173.9 milyon dola pou pèmèt Teritwa a retire ak ranplase 58,660 kontè elektrik Enfrastrikti Kontaj Avanse (Advanced Metering Infrastructure, AMI) nan USVI.

Anplis sa, FEMA kontinye envesti nan mezi pou diminye risk pou Teritwa pou ranfòse rezistans nan sistèm distribisyon elektrik Zile Vyèj Ameriken yo, avèk yon angajman \$57.8 milyon dola pou ranplase 934 poto elektrik konpoze anplis nan St. Thomas.

FEMA kontinye konsantre tou sou kolaborasyon avèk patnè territoryal nou yo ak lòt patnè federal nou yo sou rekiperasyon aprè siklòn Irma ak Maria pandan l ap bay Gouvènman Zile Vyèj yo resous teknik ak finansyè ki nesesè pou ranplase enfrastrikti ki te konstwi pou reziste anba tanpèt fiti yo.

Kristen Hodge, Direktris Rekiperasyon FEMA nan Zile Vyèj Ameriken yo te deklare "Nou akeyi opòtinite pou kontinye travay an kolaborasyon avèk Teritwa a pou rekonstwi enfrastrikti ki te andomaje yo ki pral sèvi pèp Zile Vyèj yo pandan ane k ap vini yo." "Pwojè asfalt konsolide a se yon egzanp sou fason ajans yo ka travay ansanm pou konsolide ak rasyonalize efò rekiperasyon yo epi pwojè sèvis publik yo make angajman nou pou travay avèk Teritwa a pou ranfòse rezo elektrik ak sistèm distribisyon dlo potab nan Zile Vyèj Ameriken yo."

Adrienne L. Williams-Octalien, Direktris Biwo Rekiperasyon Dezas Zile Vyèj yo, te deklare, "Notifikasyon angajman sa yo montre efò kontinyèl ak kolaborasyon ant Gouvènman Zile Vyèj yo ak FEMA. Sekirize finansman pou pwojè enpòtan sa yo se yon etap monimantal pou egzekisyon inisyativ Rekonstriksyon USVI a, ki pral transfòme lekòl, etablisman swen sante, ak sistèm sèvis publik teritwa yo."

Gouvènè Albert Bryan Jr te deklare "Angajman \$3.2 bilyon dola FEMA pou rekiperasyon Zile Vyèj Ameriken yo se yon angajman san parèy pou yon patnè enpòtan Teritwa a ap selebre". "Sipò finansyè ki nesesè anpil sa a pèmèt Zile Vyèj Ameriken yo avanse avèk pwojè enfrastrikti esansyèl ki gen ladan distribisyon dlo potab, distribisyon enèji, efò asfaltaj ak reparasyon nan etablisman edikatif kominote nou an pral benefisyé pou ane k ap vini yo."



FEMA

Page 2 of 3

Anplis pwojè sèvis piblik ak kouch asfalt la, FEMA te angaje \$3.5 milyon dola pou reparasyon nan senk batiman ak enstalasyon ki te andomaje nan siklòn Maria nan syèj Depatman Edikasyon Zile Vyèj yo nan St. Croix.

FEMA kontinye kolabore tou avèk University of the Virgin Islands pou repare ak ranfòse rezo elektrik la sou kanmpous Orville E. Kean nan St. Thomas. Y ap bay yon kontribisyon federal \$6.3 milyon dola pou pwojè ekleraj ak enèji inivèsite a, ki gen ladan anlèvman ak ranplasman poto limyè LED ki alimante atravè pano solèy, transfòmatè, ak jeneratè sou kanmpous St. Thomas li a.

Pwojè inivèsite nan St. Thomas a gen ladan yon pwopozisyon pou diminisyon risk \$49,000 pou pwoteje enfrastrikti kanmpous kritik kont enfiltrasyon dlo nan ka kondisyon metewolojik katastwofik.

Jodi a, FEMA te angaje \$15 bilyon dola nan kad pwogram Asistans Piblik li a pou reparasyon ijans ak pèmanan enfrastrikti ki te andomaje pandan siklòn 2017 yo. Nan \$15 bilyon dola a, yo te apwouve anviwon \$1.07 bilyon dola pou mezi diminisyon risk pou ede kanpe repetisyon domaj ak rekonstriksyon nan ka Dezas.

###

Mision FEMA se pou ede moun anvan, pandan, epi aprè dezas yo.



FEMA

Page 3 of 3